

MODUL AJAR BAHASA JAWA

Kelas XI – Fase F

Sesorah (Pidhato)

1. Informasi Umum

A. Identitas Modul

Nama Penyusun	: WIYANDI ROCHMAN, S.Pd
Nama Sekolah	: SMAN 1 GONDANG
Tahun Ajaran	: 2025/2026
Jenjang Sekolah	: SMA
Kelas/ Fase	: XI/F
Alokasi Waktu	: 7 Pertemuan, 2 JM X 7 @ 40 menit

Capaian Pembelajaran	: Pada fase F, peserta didik mampu menyajikan gagasan, pikiran, dan kreativitas dalam berbahasa daerah (Jawa dan Madura) dalam bentuk monolog, dialog, dan gelar wicara sesuai unggah-ungguh basa/ onḡhâgghâ bhâsa, pewara dan pidato/sesorah/ḡhâḡhâbun secara logis, sistematis, kritis, dan kreatif; mampu menyajikan karya sastra secara kreatif dan menarik.
-----------------------------	--

KOMPETENSI AWAL

Sebelum memulai untuk mengikuti kegiatan belajar pada hari ini, pastikan kalian sudah belajar materi tentang teks pewara dan pidato

PROFIL PELAJAR PANCASILA

Pada kegiatan pembelajaran ini akan dilatihkan dimensi Profil Pelajar Pancasila tentang:

1. Beriman, bertakwa kepada Tuhan Yang Maha Esa dan berakhlak mulia dengan cara melatih siswa berdoa sebelum dan sesudah belajar;
2. Mandiri dengan cara melatih siswa untuk mengerjakan soal latihan di setiap akhir kegiatan pembelajaran tanpa bantuan orang lain;
3. Bernalar kritis dengan cara melatih siswa dengan pertanyaan – pertanyaan dalam peristiwa kehidupan sehari-hari yang berhubungan dengan topik materi;
4. Kreatif dengan cara melatih siswa berinovasi dalam menentukan/menemukan kosa kata atau tata bahasa yang digunakan dalam pemecahan soal

SARANA PRASARANA

1. Modul Bahasa Jawa
2. E-Buku Bahasa Jawa
3. Alat Tulis
4. Koneksi Internet

TARGET PESERTA DIDIK

1. Peserta Didik Reguler
2. Peserta Didik dengan Pencapaian Tinggi

DOMAIN MAPEL

1. Menyimak
2. Mempresentasikan
3. Menulis
4. Berbicara

MODEL PEMBELAJARAN

Discovery Learning

TUJUAN PEMBELAJARAN

1. Peserta didik Menganalisis struktur, unsure kebahasaan dan kriteria dalam teks pawara atau pidato sesuai kaidah.
2. Menulis dan memperagakan teks pawara atau pidato dengan menggunakan tata krama sesuai dengan konteks budaya.

PEMAHAMAN BERMAKNA

Aksara Jawa juga dikenal sebagai Hanacaraka, Carakan atau Dentawyanjana yang memiliki arti salah asatu aksara tradisional Indonesia yang berkembang dipulau Jawa. Aksara ini digunakan untuk menulis bahasa Jawa akan tetapi dalam hal perkembangannya juga digunakan untuk menulis bahasa daerah lain seperti bahasa Sunda, Madura, Sasak dan Melayu.

PERTANYAAN PEMANTIK


Perhatikangambardibawahini!

1. Pernahkah kalian menyaksikan pidato berbahasa jawa?
2. Bagaimana tanggapan kalian tentang pranata adicara?

PERSIAPAN PEMBELAJARAN

Sebelum para siswa mengerjakan kegiatan pembelajaran ini, pastikan para siswa sudah memahami tentang materi aksara Jawa!!

KEGIATAN PEMBELAJARAN



KEGIATAN PEMBELAJARAN 1

LITERASI

MENYIMAK

Para siswa ing kegiatan iki diajab mampu ngidhidentifikasi, mahami, lan nganalisis teks pewara utawa pidhato jumbuh paugeran.

1. Pranata adicara utawa kang kerep sinebut *master of ceremony (MC)*, uga diarani pambiwara, pranata titilaksana, lsp. Pranata adicara yaiku sawijining paraga sing nduweni jejibah nglantarake titilaksana ing sawijining acara. Struktur teks pewara ana enem.
 - a. Salam pambuka yaiku atur pakurmatan kang sepisan marang para rawuh utawa para tamu.
 - b. Panyapa yaiku nyebut sapa kang rawuh utawa para tamu wiwit saka sing sepuh utawa sing paling dikormati, nganti sing paling enom kanggo ngajeni para rawuh/tamu.
 - c. Pambuka yaiku isi pakurmatan, atur panuwun marang kang padha rawuh, sarta atur pamuji sukur marang Gusti.
 - d. Wosing pranatacara yaiku rantaman adicara kang arep dileksanakake.
 - e. Panutup yaiku ngemot atur panuwun uga nyuwun pangapura menawa ana kaluputan.
 - f. Salam panutup yaiku atur pakurmatan kang pungkasan marang para tamu.
2. Pidhato, tangap wacana, utawa sesorah yaiku ngandharake gagasan marang wong liya sarana micara sing wis kasusun kanthi tata urutan lan paugeran sing becik ing adicara tartamtu. Struktur teks pidhato ana wolu.
 - a. Salam pambuka yaiku salam pakurmatan sing sepisanan marang tamu.
 - b. Panyapa yaiku nyebut sapa wae sing rawuh ing adicara pasamuwan kasebut kanggo paring pakurmatan.
 - c. Purwaka yaiku atur panuwun marang para tamu lan atur pamuji sukur marang Gusti.
 - d. Surasa basa (isi) yaiku sakabehe isi kang wigati utawa intine sing diandharake.
 - e. Pangarep-arep yaiku pangajab sing diandharake marang para tamu .
 - f. Wusana (panutup) yaiku atur panuwun sarta nyuwun pangapura menawa ana kekurangan utawa kaluputan anggone ngandharake pidhato.
 - g. Salam panutup yaiku salam kang pungkasan marang para tamu.
3. Jinis-jinis pidhato manut isine.
 - a. Pidhato pambuka yaiku pidhato ringkes kang diandharake dening pranata adicara (MC)
 - b. Pidhato pengarahan yaiku pidhato kanggo ngarahake kegiyatan.
 - c. Pidhato sambutan yaiku pidhato kang diandharake ing sawijining adicara tartamtu kanthi wektu kang mung sedhela, amarga sing menehi sambutan ora mung siji.

- d. Pidhato peresmian, yaiku pidhato kang diandharake dening wong kang nduweni pengaruh kanggo ngresmekake samubarang.
 - e. Pidhato laporan yaiku pidhato kang isine nglaporake sawijining tugas utawa kegiatan.
 - f. Pidhato pertanggungjawaban yaiku pidhato kang isine ngenani sawijining laporan pertanggungjawaban tugas utawa kagiyatan.
4. Kriteria dadi pranata adicara (MC) kang becik
- a. Patrap (sikap)
Patrap utawa sikap pranata adicara kudu nuduhake tata krama utawa trapsila, yaiku solah bawa utawa tindak-tanduk sing prasaja. Mimik utawa owahing pasuryan (*wajah*) kudu bisa katon sumringah menawa ing adicara kang swasanane bungah, lan kudu bisa ngatonake rasa sedhik menawa ing acara layon.
 - b. Busana utawa ngadi sarira
Nalika nindakake ayahan pranata adicara, busanane lan ngadi sarirane utawa raga kudu disalarasake karo kahanan. Iki jumbuh karo paribasan —ajining raga saka busanal. Aja nganti amarga busana sing ora trep ndadekake asor prabawane, amarga busana uga dadi punjering kawigaten marang para tamu.
 - c. Basa lan sastra
Basa yaiku piranti utawa sarana lantaran kanggo para tamu sing ngrungokake. Nggunakake basa kang komunikatif lan trep ing panggonan kudu nggatekake: sapa sing guneman, sapa sing diajak guneman, apa sing digunemake, swasana nalika guneman, lan padha ngerti sing digunem.
5. Kriteria nindakake pidhato kang becik.
- a. Swara lan lagu pocapan cetha, supaya bisa dimangerteni wong akeh.
 - b. Nggatekake tata rakite ukara kang becik, supaya bisa dimangerteni.
 - c. Mangerteni sapa wae para tamu sing rawuh lan swasanane, saengga bisa ngetrapake tata trapsila sing becik.
 - d. Nggunakake unggah-ungguh basa sing becik.

Anggone micara ora ngambra-ambra, cekak, padhet, lan nduweni bobot isi.

Para siswa, sawisemangertenicaranenandhanilannglompokaketatulisaksaraJawa, kagiyatancandhakeyaikubakalnyinaoninulisukaralanparagrafmawaaksaraJawa lan ngalih tulisake paragraf banjur sing pungkasan maca paragraf.

Sesorah Sumpah Pemuda

Assalamualaikum Wr. Wb.

Bapak Kepala Sekolah ingkang satuhu kula bekteni, Bapak/Ibu Dwija saha karyawan SMA Negeri 11 Sembada ingkang satuhu kinurmatan, sarta kanca-kanca ingkang kula tresnani. Ingkang sepisan sumangga kula panjenengan sedaya ngaturaken puji sukur dhateng Gusti Allah ingkang maha welas asih ingkang tansah paring nikmat saha rahmat satemah kula saha panjenengan taksih saged pados ngelmu inggih menika taksih saged sinau wonten ing pawiyatan kita menika.

Kaping kalih, nuwun sewu kula sampun kumawantun jumeneng wonten ngarsa panjenengan sedaya saperlu badhe ngaturaken sesorah bab Sumpah Pemuda. Kula panjenengan sedaya tantu sampun sami mangertos bilih tanggal 28 Oktober bangsa Indonesia mengeti dinten Sumpah Pemuda. Inggih menika salah satunggaling kedadosan sakral ingkang nedahaken dhateng sedaya tiyang bilih bangsa Indonesia bangsa ingkang anggadhahi semangat juang, semangat nyawiji bhineka tunggal ika, dados bangsa ingkang jumeneng kanthi jejeg.

Wondene wosipun Sumpah Pemuda inggih menika:

1. Kami Putra dan Putri Indonesia mengaku bertumpah darah yang satu, tanah air Indonesia
2. Kami Putra dan Putri Indonesia mengaku berbangsa satu, bangsa Indonesia
3. Kami Putra dan Putri Indonesia mengaku menjunjung bahasa persatuan, bahasa Indonesia

Wosipun sumpah saha prasetya menika wajib kula saha panjenengan sedaya jagi saha dipunwarisaken dhumateng putra wayah kagem mujudaken gegayuhan kamardikan saha gesang kanthi gemah ripah loh jinawi tata tentrem kerta raharja, adil saha sejahtera. Kita minangka siswa nggadahi jejibahan jagi semangat dalah mepeng anggenipun sinau. Minangka pemuda kita ugi kedah semangat saha sregep anggenipun nyambut damel ngisi pambangunanipun bangsa.

Menika ingkang saged kula aturaken ngengingi babagan Sumpah Pemuda. Pramila cekap semanten kemawon atur kula, mbok bilih kathah klenta-klentuning atur kula tansah nyuwun agunging pangaksami.

Wassalamuallaikum Wr. Wb.

(Sumber: <http://ohbaru.blogspot.co.id>)

Pewara Rapat RT

Assalamualaikum Wr. Wb.

Dhumateng sesepuh pini sepuh ingkang pantes kinabekten.

Para Bapak lan para sedherek ingkang kula urmati. Awit sampun ndungkap ndalu, pramila adicara pepanggihan ing dalu punika tumunten kawiwitan.

Namung sakderengipun mangga kita sareng-sareng muji sukur wonten ing ngarsa dalem Allah SWT, ingkang sampun paring rahmat lan hidayah dhumateng kita sedaya, sholawat sarta salam mugiya tansah katetepaken dhumateng nabi Muhammad SAW ingkang kita antu-antu syafaatipun wonten ing yaumul qiamah.

Para Bapak lan para sedherek sedaya, menggah susunan acara ingkang badhe kita lampahi nun inggih:

1. Pembuka
2. Tanggap wacana saking Pandhega RT
3. Wara-wara Pembukuan
4. Sanes-sanes
5. Panutup

Sumangga pepanggihan ing dalu punika kita bikak kanthi waosan basmalah. Bismillahirrohmanirrohim.

Acara saklajengipun tanggap wacana saking Pandhega RT. Dhumateng Bapak ... kasumanggakaken.

Sakparipurnaning tanggap wacana saking Pandhega RT, kalajengaken wara-wara Pembukuan ingkang katindakaken dening Bapak ... Dhumateng Bapak ... kasumanggakaken.

Para Bapak lan sedherek sedaya ingkang kula urmati, minangkani atur pamundutipun Pandhega RT ingkang kagungan dalem, kita kacaosan unjukan saha dhaharan. Saking kersanipun, kita katuran dhahar saha ngunjuk ingkang prayogi amrih barokah wonten badan kita. Pramila kita langkung rumiyin donga sesarengan.

Acara saklajengipun inggih menika sanes-sanes. Dhumateng Bapak ... wekdal kita aturaken.

Acara sak lajengipun nun inggih panutup. Sumanga pepanggihan ing dalu punika kita sukuri kanthi waosan hamdalah. Alhamdulillahirobilalamin.

Lan saking kula, hambok bilih anggen kula nderekaken adicara ing dalu punika kathah kalepatan, kula nyuwun agunging pangapunten.

CEK PEMAHAMAN INDIVIDU

Kanggo nguji pemahaman para siswa ngenani materi ing kegiatan belajar 1, coba garapen pitakonan ing ngisor iki.

- Analisisen struktur teks pewara rapat RT lan sesorah sumpah pemuda ing dhuwur!
- Analisisen bedane unsur kebahasaan ing teks pewara rapat RT lan sesorah sumpah pemuda ing dhuwur!

Para siswa, sawise mangerteni struktur lan kriteria teks pewara lan teks pidhato, kagiyatan candhake yaiku bakal nyinaoni nulis lan praktik dadi pranata adicara lan orator.

KEGIATAN PEMBELAJARAN 2

LITERASI

MENULIS DAN BERBICARA

- Nulis teks pewara lan teks tanggap wacana bisa diwiiwti kanthi nemtokake tema banjur gawe cengkorongane (kerangka) selaras karo urutan struktur teks pewara lan teks tanggap wacana kang bener.
- Maragakake pranata adicara lan orator ora kena kesusu, gatekake endhek dhuwure swara, lan ekspresi kudu becik.

CEK PEMAHAMAN INDIVIDU

Gatekana teks sesorah ing ngisor iki!

Sesorah Wisudha Kelas XII

Assalamualaikum Wr. Wb.

Bapak kepala sekolah ingkang satuhu kula bekteni, Bapak saha Ibu dwija ingkang satuhu kinurmatan, para rawuh ingkang sinuba ing karaharjan dalasan rayi kula kelas X saha XI saha kanca-kanca kelas XII ingkang kula tresnani.

Puji syukur tansah konjuk wonten ngarsanipun dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan ingkang tanpa kendhat awujud kasarasan, rahmat saha hidayah dhumateng kula panjenengan sami. Pramila awit saking sih nugrahaning Gusti ingkang hakarya jagat kula panjenengan sami ing wekdal menika saged kempal saperlu hangrawuhi adicara ing kalenggahan menika kanthi wilujeng nir ing sambekala.

Kadang kula kelas X saha XI ingkang kula tresnani, sekedhap malih kula sakanca kelas XII badhe nilaraken pawiyatan ing SMA Buana menika. Awit saking menika mbok bilih sadangunipun kula sesrawungan kaliyan sedherek sedaya wonten kalepatan saha kekhilafan ingkang sengaja punapa boten kasengaja kula minangka sulhipun kanca-kanca nyuwun agunging pangapunten.

Wonten mriki kula paring pepeling dhateng rayi-rayi kula sedaya mugimugi sasampunipun kula sakanca medal saking pawiyatan mriki rayi kula kelas X saha XI sageda dados siswa-siswi ingkang tansah mbangun turut dhumateng Bapak saha Ibu dwija saha dados siswa ingkang pinter saha kreatif.

Rayi kula kelas X saha XI ingkang kula tresnani, kula tansah dedonga saha memuji mugimugi rayi kula ingkang taksih wonten ing pawiyatan mriki tansah pinaringan pangayomanipun Allah SWT saha semanten ugi kula nyuwun donga saha pangestu dhumateng para rayi kula mugimugi kula saged nglajengaken wonten ing pawiyatan ingkang langkung inggil, wondene ingkang badhe nyambut damel sageda tumunten pikantuk padamelan ingkang trep kaliyan ngelmi saha kesagedanipun piyambak-piyambak.

Wasana, semanten atur kula minangka sesulih saking kanca-kanca kelas XII sedaya, mbok bilih anggen kula matur wonten kalepatan, kula tansah nyuwun samodra pangaksami.

Wassalamuallaikum Wr. Wb.

Sumber: <http://ohbaru.blogspot.co.id>

1. Wacanen teks tanggap wacana ing dhuwur kanthi becik!
2. Gaweya teks sesorah kanthi tema —Basa Jawa Saikine!!

SUMATIF

Kanggo nggarap No. 1—5, wacanen teks sesorah ing ngisor iki!

Sesorah Wisudha Kelas XII

Assalamualaikum Wr. Wb.

Bapak kepala sekolah ingkang satuhu kula bekteni, Bapak saha Ibu dwija ingkang satuhu kinormatan, para rawuh ingkang sinuba ing karaharjan dalasan rayi kula kelas X saha XI saha kanca-kanca kelas XII ingkang kula tresnani.

Puji syukur tansah konjuk wonten ngarsanipun dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan ingkang tanpa kendhat awujud kasarasan, rahmat saha hidayah dhumateng kula panjenengan sami. Pramila awit saking sih nugrahaning Gusti ingkang hakarya jagat kula panjenengan sami ing wekdal menika saged kempal saperlu hangrawuhi adicara ing kalenggahan menika kanthi wilujeng nir ing sambekala.

Kadang kula kelas X saha XI ingkang kula tresnani, sekedhap malih kula sakanca kelas XII badhe nilaraken pawiyatan ing SMA Buana menika. Awit saking menika mbok bilih sadangunipun kula sesrawungan kaliyan sedherek sedaya wonten kalepatan saha kekhilafan ingkang sengaja punapa boten kasengaja kula minangka sulhipun kanca-kanca nyuwun agunging pangapunten.

Wonten mriki kula paring pepeling dhateng rayi-rayi kula sedaya mugimugi sasampunipun kula sakanca medal saking pawiyatan mriki rayi kula kelas X saha XI sageda dados siswa-siswi ingkang tansah mbangun turut dhumateng Bapak saha Ibu dwija saha dados siswa ingkang pinter saha kreatif.

Rayi kula kelas X saha XI ingkang kula tresnani, kula tansah dedonga saha memuji mugimugi rayi kula ingkang taksih wonten ing pawiyatan mriki tansah pinaringan pangayomanipun Allah SWT saha semanten ugi kula nyuwun donga saha pangestu dhumateng para rayi kula mugimugi kula saged nglajengaken wonten ing pawiyatan ingkang langkung inggil, wondene ingkang badhe nyambut damel sageda tumunten pikantuk padamelan ingkang trep kaliyan ngelmi saha kesagedanipun piyambak-piyambak.

Wasana, semanten atur kula minangka sesulih saking kanca-kanca kelas XII sedaya, mbok bilih anggen kula matur wonten kalepatan, kula tansah nyuwun samodra pangaksami.

Wassalammuallaikum Wr. Wb.

(Sumber: <http://ohbaru.blogspot.co.id>)

1. Teks sesorah ing dhuwur nuduhake ing adicara ...
 - a. pambagya temanten
 - b. kumpulan arisan
 - c. pambagya khitanan
 - d. pambagya pepisahan
 - e. kumpulan karang taruna
2. Kang atur sesorah ing teks tanggap wacana ing dhuwur yaiku?
 - a. kepala sekolah
 - b. wali kelas
 - c. perwakilan kelas X
 - d. perwakilan kelas XI
 - e. perwakilan kelas XII
3. Ing ngendi papan panggonan sesorah ing dhuwur?
 - a. SMA Bawana
 - b. SMA Buana
 - c. SMA Bina
 - d. SMA Busana
 - e. SMA Bisa
4. Puji syukur tansah konjuk wonten ngarsanipun dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan ingkang tanpa kendhat awujud kasarasan, rahmat saha hidayah dhumateng kula panjenengan sami.
Ukara kasebut kalebu perangan teks sesorah kang diarani ...
 - a. Salam pambuka
 - b. Pambuka
 - c. Wosing pranatacara
 - d. Panutup
 - e. Salam panutup
5. Wasana, semanten atur kula minangka sesulih saking kanca-kanca kelas XII sedaya, mbok bilih anggen kula matur wonten kalepatan, kula tansah nyuwun samodra pangaksami.

Ukara kasebut kalebu perangan teks sesorah kang diarani ...

- a. Salam pambuka
 - b. Pambuka
 - c. Wosing pranatacara
 - d. Panutup
 - e. Salam panutup
6. Sawijining paraga sing nduweni jejibahan nglantarake titilaksana ing sawijining adicara diarani ...
- a. pambagyaharja
 - b. orator
 - c. pranatacara
 - d. pamedharsabda
 - e. pambiwara
7. Keparenga kula atur uninga rerangkening adicara ing wekdal menika, Pambuka, Atur Pambagyaharja saking Pandhega Karang Taruna, Sesorah saking Pangarsa/Bapak Lurah Kalurahan Sumbermulya, Pirembagan Panitia Pengetan Dinten Kamardikan RI, lan Donga/Panutup. Perangan kasebut diarani ...
- a. salam pambuka
 - b. pambuka
 - c. wosing pranatacara
 - d. wusana
 - e. panutup
8. Busana lan ngadi sarira kudu selaras karo kahanan ing adicara, ancasa yaiku ...
- a. supaya ora asor prabawane
 - b. supaya katon nemsemake marang para tamu
 - c. amarga ana paribasan ajining raga saka busana
 - d. busana kang endah ndadekake paragane katon sulisya
 - e. amarga busana uga dadi punjering kawigaten marang para tamu

9. Pidhato pengarahane yaiku ...

- a. pidhato kanggo ngarahake sawijining kagiyatan
- b. pidhato kang isine nglaporake sawijining tugas utawa kagiyatan
- c. pidhato kang diandharake dening wong kang nduweni pengaruh kanggo ngresmekake samubarang
- d. pidhato kang isine ngenani sawijining laporan pertanggungjawaban tugas utawa kagiyatan
- e. pidhato kang isine medharake sawijining ajaran utawa agama tartamtu kanggo paring pencerahan marang para umat

10. Ing ngisor iki kang ora kalebu bab sing kudu digatekake nalika pidhato yaiku ...

- a. swara lan pocapan cetha
- b. enggal-enggal dirampungsi
- c. nggatekake tata rakite ukara kang becik
- d. nggunakake unggah-ungguh basa sing becik
- e. mangerteni sapa wae para tamu lan swasanane, saengga bisa ngetrapake tata trapsila sing becik

PENGAYAAN

Nggaweana teks pidato utawa teks pewara kanthi tema winisuda!

REMEDIAL

1. Andharna struktur teks pidato dan teks pewara
2. Andharna kepriye kriteria teks pidato dan teks pewara

REFLEKSI

Sawise para siswa nyinaoni materi iki, saiki ukuren pemahaman kanthi ngisi tabel ing ngisor iki:

No	Pitakonan	Ya	Ora
1.	Kanthi mangsuli gladhen soal aku wis mahami struktur lan kriteria teks pewara lan teks pidhato		
2.	Kanthi mangsuli cek pemahaman ing kagiyatan pasinaonan aku wis mampu maca teks pewara lan teks pidhato kanthi becik		
3.	Kanthi tema kang wis ditemtokake aku wis mampu nulis teks pewara lan teks pidhato kanthi becik		

Menawa mangsuli —Ora! ing salah sijine pitakonan ing dhuwur, mulane sinaua maneh materi kasebut ing Buku Teks Pelajaran (BTP) lan sinaua maneh kegiatan belajar kanthi bimbingan Guru utawa kancamu. Lan para siswa mangsuli —Ya! ing kabeh pitakonan, para siswa bisa nerusake nyinaoni materi candhake.

GLOSARIUM

Pranata adicara : sawijining paraga sing nduweni jejibah nglantarake titi laksana ing sawijining acara

sesorah : ngandharake gagasan marang wong liya sarana micara sing wis kasusun kanthi tata urutan lan paugeran sing becik ing adicara tartamtu

DAFTAR PUSTAKA

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *BaoesastraDjawa*. Batavia:J.B. Wolter.

Sukendro, DhitaPuspitasaridkk. 2014. *WiyataBasa*. Surabaya: Penerbit Duta.

Mengetahui:
Kepala SMAN 1 Gondang

Johan Bahrudin, S.Kom., M.T
NIP. 19760620 200501 1 008

Mojokerto, 06 Januari 2026

Guru Mapel Bahasa Jawa,

Wiyandi Rochman, S.Pd
NIP.